

# Avi sou Dwa: Travayè Livrezon Manje nan vil New York



Si w fè livrezon restoran pou yon aplikasyon, ou gen dwa, kèlkeswa estati imigrasyon ou.



## Pèman

- Aplikasyon w la dwe peye w omwen **\$19.56** pou chak èdtan (san poubwa) pou tan ou pase ap fè livrezon yo. Minimòm sa a ap ogmante **1ye avril** chak ane.
- Aplikasyon yo dwe swiv lòt règ siplemantè ki ogmante pèman yo. *Kontakte aplikasyon w lan pou w jwenn enfòmasyon sou pèman w lan.*
- Aplikasyon yo dwe peye ou omwen yon fwa pa semèn epi ofri yon opsyon pou ou resevwa salè w san peye okenn frè.
- Aplikasyon yo dwe di w konbyen poubwa kliyan an bay pou chak livrezon ak total pèman w ak poubwa ou pou jou anvan an. *Gen eksepsyon ki aplike. Kontakte DCWP.*



## Itinerè

- Aplikasyon yo dwe ba ou detay sou wout yo anvan ou aksepte yon livrezon. Detay yo dwe genyen adrès kote ou pral pran kòmand lan, dire ak distans yo estime a, poubwa ak pèman.
- Ou ka mete yon aplikasyon pou limite ki pon oswa tinèl w ap itilize ak distans ki genyen ant yon restoran ak yon kliyan. Aplikasyon yo pa ka ofri w deplasman ki depase limit ou fikse yo.



## Aksè

- Aplikasyon yo dwe ba ou yon valiz tèmik izole pou livrezon manje gratis aprè **6 livrezon**.
- Li posib pou ou gen pi bon aksè ak twalèt restoran yo lè ou al pran kòmand yo. *Gen eksepsyon ki aplike. Kontakte DCWP.*

## Pa gen reprezay

Li ilegal pou yo penalize travayè yo k ap egzèse dwa yo. Kontakte DCWP imedyatman depi ou sispèk gen reprezay.

## Depoze yon plent

Si yon aplikasyon vyole lalwa, travayè yo ka resevwa lajan. Pou ou siyale yon enfraksyon, deposite yon plent nan Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (DCWP).

- Ale sou [nyc.gov/DeliveryApps](https://nyc.gov/DeliveryApps)
- Rele nan **311** (212-NEW-YORK andeyò vil New York) epi mande pou “Travayè Livrezon”

DCWP p ap pataje idantite w san konsantman w alavans.

**NYC**

Eric L. Adams  
Mayor

**Consumer and  
Worker Protection**

Vilda Vera Mayuga  
Commissioner

